



Pou Piblikasyon Imedya: 13/06/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PREMÈRE DEMONSTRASYON VEYIKIL OTONÒM YO
TE REYISI NAN ISTWA ETA NEW YORK**

Audi of America Demontre Teknoloji Manèj Pilòt Audi an nan Madi

Videyo Demonstrasyon an Disponib [Isit la](#) epi Foto yo [Isit la](#)

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke reprezantan Audi of America Inc. yo te pèfòme premye seri demonstrasyon veyikil otonòm yo nan Eta New York pandan jounen jodi a nan Rejyon Kapital la. Yon chofè te opere manyèlman veyikil lan soti State Street rive nan I-90 lan kote teknoloji Pilòt Otowout Audi (Audi Highway Pilot technology) te kòmanse, sa ki ap pèmèt kondwi yon fason otomatize sou anviwon 10 kilomèt anvan yon retou an sekirite nan Empire State Plaza. De enjenyè ki fòme te prezan nan veyikil lan pandan toutan pou sipèvize sistèm lan epi asire sekirite.

“Veyikil ki kondwi pwòp tèt yo se pwochèn fwontyè nan transpò, ak potansyèl pou grandman amelyore sekirite sikilasyon sou wout New York yo”, **se sa Gouvènè Cuomo te deklare.** “New York se yon lidè ki pwouve nan inovasyon ak teknoloji modèn yo, epi premye demonstrasyon sa yo depi toutan se yon etap fondamantal majè ki ap fè nouvel teknoloji sa vin yon realite epi kontinye fè New York vanse devan.”

Scott Keogh, ki se Prezidan Audi of America, te deklare, “Audi, ak patenarya ak eta pwogresis yo tankou New York, yo sou devan sèn lan nan defini avni transpò a. Modèl inovasyon sa rive sèlman ak endistri ak gouvènman an ki ap travay men nan men pou atenn yon objektif komen pou wout ki pi sekirize.”

Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te fè yon tès detou nan veyikil otonòm lan. Videyo demonstrasyon an disponib sou YouTube [isit la](#) ak nan kalite TV (fòma h264) [isit la](#), b-roll disponib [isit la](#) epi foto yo disponib [isit la](#) ak [isit la](#).

“Jodi a New York franchi yon pa nan fiti ak veyikil san chofè yo”, **se sa Gouvènè Adjwen Hochul te deklare pandan ke li t’ap soti nan tès manèj yon veyikil otonòm.** “Veyikil sa yo ofri potansyèl imans pou kapab amelyore sekirite epi sove lavi, epi New York pare pou li sou devan sèn nouvel teknoloji sa.”

Audi of America Inc. te premye konpayi ki te aplike pou dwa pou demontre teknoloji sa nan New York, epi se premye ke yo te apwouve sou pwogram lan. Sosyete Enjenyè Otomobil yo (Society of Automotive Engineers) konsidere ke teknoloji an ke yo te demontre nan Rejyon Kapital la li nan Nivo 3 otonomi, sa ki vle di ke li kapab pèfòme fonksyon pou kondwi yo lè kondisyon yo aplike epi nan vitès otowout ki poste yo. Veyikil lan te deja pakouri plizyè milye kilomèt san chofè sou otowout yo atravè peyi Etazini.

Komisyone Adjwen Egzekitif DMV, Terri Egan, te di, “Teknoloji veyikil otonòm lan gen potansyèl pou sove plizyè milye lavi Amerikèn chak ane. Lidèchip Gouvènè Cuomo an te ede transfòme Eta New York pou vin yon lidè nasyonal nan sekirite sikilasyon. Nou fyè pou nou akeyi nouvèl teknoloji sa, epi nou remèsye Audi of America poutèt yo òganize premye senk demonstrasyon sa yo depi toutan semèn sa nan Albany”.

Sipè-entandan Lapolis Eta New York lan (New York State Police) George P. Beach II te deklare, “Tès veyikil otonòm yo se yon etap enpòtan nan evalyasyon ak konpreyansyon enplikasyon teknoloji sa sou sekirite ak mobilite fiti. Lapolis Eta a pral travay ak tout dilijans li pou siveye tès sa yo, epi kontinye kolabore ak patnè lokal ak eta nou yo ak ekspè endistri yo pou kapab asire ke yo ka reyalize avantaj sekirite potansyèl veyikil otonòm yo”.

Lapolis Eta New York te deja apwouve anvan sa enfòmasyon sikwi veyikil konpayi an, epi Depatman Veyikil Motorize an (Department of Motor Vehicles, DMV) te apwouve aplikasyon li an nan Vandredi 26 Me.

Lwa ki pèmèt demonstrasyon oswa tès yo ap ekspire 1ye Avril 2018. DMV ak Lapolis Eta a gen obligasyon devan lalwa pou soumèt yon rapò sou pwogrè New York ak tès veyikil otonòm yo pa pi ta pase 1 Jen 2018. Kondisyon tès la ak aplikasyon an disponib [isit la](#).

###